




KUTORA CHINHANO KWEMASISITA MUKUUNGANIDZWA KWEISRAERI

NeMutungamiri Russell M. Nelson

Ndiri kusvitsa chikumbiro cheuporofita kwamuri, madzimai eChechi, kuti muumbe ramangwana kuburikidza nekubatsira kuunganidza Israeri yakapararira.



Zvinofadza kuvanemi, masisita Zangu anodikanwa uye akakosha. Zvimwe chitiko chakaitika nguva ichangopfuura chichakupai nzwisiso shoma yemanzwiro andinoita pamusoro penyu uye nekwaniso dzedenga dzamakaropafadzwa nadzo.

Rimwe zuva apo pandaitaura kugugano muSouth America, ndakava

nekufara kwanyanya nezve musoro wenyaya wangu, uye pachinguva chakakosha munhaurwa yangu, ndakati, “*Saamai* vevana gumi, ndinokwanisa kukutaurirai kuti . . .” Uye zvino ndakaenderera mberi nekupedza shoko rangu.

Handina kuziva kuti ndakanga ndataura izwi rekuti *amai*. Mududziri wangu, achifungidzira kuti ndakanga ndakanganisa kutaura, akachinja izwi rekuti *amai*

kuriti *baba*, saka gungano harina kumboziva kuti ndakanga ndataura ndichizviita ini *amai*. Asi mudzimai wangu Wendy akazvinzwa, uye akafadzwa zvikuru neku-kanganisa kutaura kwangu ndichiburitsa zvaiva mupfungwa mangu.

Muchinguva ichocho, chido chakadzama chemwoyo wangu chekuita siyano munyika—sezviinoitwa chete naamai—chakatutuma kubva mumwoyo mangu. Muma-kore ose, apo pese pandinobvunzwa kuti sei *ndaka-sarudza* kuva chiremba, mhinduro yangu yakagara iri imwecheteyo: “Nokuti handina kukwanisa *kusarudza* kuva *amai*.”

Ndapota cherechedzai kuti nguva ipi zvayo yandino-shandisa izwi rekuti *amai*, handisi kutaura pamusoro pemadzimai vakabereka kana vakaadhoputa vana muu-upenyu huno. Ndirikutaura pamusoro *pevese* vanasikana vakuru vaVabereki vedu Vekudenga. *Wese* mudzimai ndiamai nekuda kwemagumo eumwari ekusingaperi ake.

Saka manheru ano, *sababa* vevana gumi—*vanasikana vappfumbamwe* nemwanakomana mumwechete—uye seMutungamiri weChechi, ndinonamata kuti munozon-zwa manzwiro akadzama angu andinoita pamusoro peny—pamusoro pekuti muri vanaani uye nezvose zvakanaka zvamunokwanisa kuita. Hapana munhu anokwanisa kuita izvo zvinokwanisa kuitwa nemudzimai akarurama. Hapana munhu anokwanisa kudzorora simba reshanduro raamai.

Varume vanokwanisa uye kazhinji vanoratidza rudo rwaBaba Vekudenga neMuponesi kune vamwe. Asi madzimai ane chipo chakakosha charo—ropafadzo reumwari. Munekwaniso yekunzwa nekuziva izvo zvinodikanwa nemumwe munhu—uye kuti anozvida *rinhi*. Munokwanisa kunanavira, kunyaradza, kudzidzisa, neku-simbisa mumwe munhu munguva yake yezvidikanwi.

Madzimai anoona zvinhu nenzira yakasiyana pane maonero anoita varume, uye chokwadi, tinoada zvikuru maonero enyu! Masikirwo enyu anokutungamirirai kufunga nezve vamwe *kutanga*, kufunga zvinozoitika kune vamwe nokuda kwechinhano chese chinenge chatorwa.

Sekutaurwa kwazvaitwa neMutungamiri Eyring, ndiA-mai vedu vanorumbidzwa Evha—nenzwisiso huru yavo yechirongwa chaBaba vedu Vekudenga— vakatangisa icho chatinoti ‘Kupunzika.’ Sarudzo yavo yakachenjera uye yakashinga nesarudzo yerutsigiro yaAdama ndizvo zvakafambisa mberi chirongwa cherufaro chaMwari. Vakaita kuti zvikwanisike kuti mumwe nemumwe wedu auye panyika, agashire muviri, uye agoratidza kuti

tinozosarudza kumira tichitsigira Jesu Kristu *iyezvino*, sezvataingoita tisati tazvarwa panyika.

Masisita angu anodikanwa, mune zvipo zvinokosha zvemweya nekwaniso dzinokosha dzekuziva zvekuita. Manheru ano ndinokukurudzirai, netaririro yose yemwoyo wangu, kuti munamatire kunzwisisa *zvipo zvemweya zvenyu*—kuzvikudziridza, kuzvishandisa, nekuzviwedzera, kunyange zvakanyanya kudarika zvakakati mamboita. Munozoshandura nyika apo pamunoita izvozvo.

Semadzimai, munokurudzira vamwe uye munomisa mwero unokodzera kutevedzerwa. Regai ndikupei ruzivo rushoma pamusoro pezviviri zvezviziviso zvikuru zvaka-ita pamusanganano mukuru wedu wakapera. Imi, masisisita angu anodikanwa, maiva chinhu chinokosha zvikuru kune chimwe nechimwe chazvo.

Kutanga, ushumiri. Mwero wepamusoro-soro weku-shumira ndeuyo weMuponesi wedu, Jesu Kristu. Kazhinji, madzimai ndivo, uye vagara vari ivo, varipadyo nemwe-ro iwoyo kupinda varume. Kana uchishumira zvecho-kwadi, unotevera manzwiro ako kubatsira mumwe munhu kuti anzwe rudo rweMuponesi. Chido chekushumira chakadzika zvakadzama mumadzimai akarurama. Ndinoziva madzimai anonamata mazuva ose achiti, “Ndiyani Wamunoda kuti ndibatsire nhasi?”

Chiziviso chaKubvumbi 2018 pamusoro penzira yepamusoro uye tsvene yekutaririra vamwe chisati chaitwa, tsika yevamwe varume yakanga iri yekumaka basa ravo redzidziso yekumba kuti “raitwa” uye voenda mberi kune basa rinotevera.

Asi apo *imi* pamainzwa kuti sisita wamunoshanyira anoda rubatsiro, maibatsira pakarepo uyezve nemumwedzi wese. Naizvozvo, aiva *maitiro* amaiita dzidziso yekushanyirana akakurudzira kuchinja zvirinani kwedu kuendakukushumira.

Chechipiri, mumusanganano mukuru wedu wekupezdisira, takarongazve mamiriro ezvikwata zveHupirisita hweMerkizedeki. Apo patainetseka nekuti tingabatsire sei varume veChechi kuti vave vanonyatsobudirira mumbasa avo, takanyatsofunga nezve muenzaniso weChita cheRubatsiro.

MuChita cheRubatsiro, madzimai ari mumazera nemumamiriro ehupenyu akasiyana-siyana vanosangana pamwechete. Gumi ramakore rega rega reupenyu rino-unza zvinetso zvakasiyana, asi zvakadaro, *imi* maivapo, svondo mushure mesvondo, muchisangana pamwechete, muchikura nekudzidzisa vhangeri pamwechete, uye, muchiita shanduro chaiyo munyika.

Iyezvino, mukutevera muenzaniso wenyu, avo vane Hupirisita hwaMerkizedeki vava nhengo dzechikwata chemagosa. Varume ava vanosiyana mumazera kubva pagumi nemasere kusvika kumakumi mapfumbamwe nemasere (zvichida kupfuura), vaine zvitiko zvehupirisita nezveChechi zvakasiyana kudarowo zvikuru. Varume ava vanokwanisa iyezvino kuvaka kubatana kwakasimba kwehukama, kudzidza pamwechete, uye nekuropafadza vamwe zvinonyatsobudirira.

Munoyeuka kuti Chikumi akapfuura, Sisita Nelson neni takataura kune vechidiki veChechi. Takavakoka kuti vatore chinhanu muhondo yaIshe yevechidiki yekuti vabatsira kuunganidza Israeri kumativi ose echidzitiro. Kuunganidza uku ndiko dambudziko “*guru guru*, chinangwa *chikuru-kuru*, uye basa *guru guru* panyika nhasi!”¹

Chinangwa chinodisira zvikuru madzimai, nekuti madzimai ndiwo anoumba ramangwana. Saka manheru ano ndirikusvitsa chikumbiro chehuporofita kwamuri, madzimai eChechi, kuti muumbe ramangwana nekubatsira kuunganidza Israeri.

Ndepapi pamungatanga napo?

Ndinokupai *kukoka kuna*:

Kutanga, ndinokukokai kuti mutore chinhanu mukutsanya kwemazuva gumi kubva mukushandisa indaneti kutaurirana nokugoverana nyaya nenhau uye dzimwe zvadzo nzira dzinotepfenura nhau nenyaya dzinounza mafungiro asina kunaka neasina kururama mupfungwa dzenyu. Namatai kuti muzive kuti ndedzipi runziro dzekubvisa munguva yekutsanya kwenyu. Shanduro inozounzwa nekutsanya kwemazuva gumi kwenyu ingangokushamisai. Chii chamunoona mushure mekupumura kubva kumaonero enyika ayo anga achikuvadza mweya wenyu? Paneshanduko here kubva apo pamunoda *zvino* kupedzera nguva yenyu nesimba renyu? Pane zvimwe zvezvamunokoshesesa zvachinja here—kunyange nezvishomanini? Ndinokukurudzirai kuti munyore pasi uye muiite izvo zvamunokurudzirwa kuita nemanzwiwo ega ega.

Chechipiri, ndinokukokai, kuverenga Bhuku raMormoni pakati paiyezvino nekupera kwegore. Zvingangoraidzika sekuba zvisingagoneke nezvese zvamurikuedza kuita muupenyu hwenyu, asi mukagashira kukoka uku nechinangwa chizere chemwoyo, Ishe vachakubatsirai kuwana nzira yekubudirira pazviri. Uye, apo pamunonzvera nemunamato, ndinovimbisa kuti matenga anozaruka kwamuri. Ishe vanozokuropafadzai nekuruziro nezaruriro yakawedzera.

Apo pamunoverenga, ndinokukurudzirai kumaka ndima yega yega inotaura nezvaMuponesi kana inodoma Muponesi. Zvino, ivai munoda kutaura nezva Kristu, muchifara munaKristu, uye muchiparidza nezva Kristu nemhuri uye neshamwari dzenyu.² Imi navo munozoswededzwa kuMuponesi kuburikidza nemaitiro aya. Uye shanduko, kunyange zvishamiso, zvinozotanga kuitika.

Mangwanai ano chiziviso chaitwa maererano nehurongwa hutsva hwemusi weSvondo nezvidzidzo zveku-itira kumba zvinotsigirwa neChechi. Imi, masisita angu anodikanwa, ndimi chinhu chinokoshesesa pakubudirira kwekuedza kutsva uku kwekudzidzisa vhangeri nenzira inosanganisira nokuyanana zvinhu zvose zvakakosha. Ndapota dzidzisa avo vamunoda izvo zvamuri kudzidza kubva mumagwaro matsvene. Vadzidzisei nzira yekutendeukira kuMuponesi kuitira kuwana simba Rake rinorapa uye rinochenesa kana vachinge vatadza. Uye vadzidzisei mawaniro esimba rinosimbisa Rake mazuva ose upenyu hwavo.

Chechitatu, misai tsika yekuenda kutemberi nguva nenguva. Izvi zvingangoda kuzvipira kwakawedzera zvisihoma muupenyu hwenyu. Kugara muchienda kutemberi nguva nenguva kunozobvumira Ishe kukudzidzisa nzira yekuwana simba reHupirisita Hwavo uhwu hwa-makaropafadzwa nahwo mutemberi Mavo. Kune avo venyu vasingagare padyo netemberi, ndinokukokai kuti munzvere nemunamato pamusoro pematemberi mumagwaro matsvene nemumashoko evaporofita vanorarama. Tsvagai *kuziva* zvakanwanda, *kunzwisisa* zvakanwanda, *kunzwa* zvakanwanda pamusoro pematemberi kudarika zvamatumboita.

Mumusangano wezvechitendero wedu wepasi rose wevechidiki wakaitwa munaChikumi akapfuura, ndakataura nezve mukomana wechidiki uyo upenyu hwake hwakashanduka apo vabereki vake pavakachinjanisa foni yake yemazuva ano inoita zvakanwanda vachimupa yekare. Amai vemukomana wechidiki uyu mudzimai asingatye werutendo. Vakaona mwanakomana wavo avakurerekera kusarudzo dzaigona kumutadzisa kunoshandira hushumiri. Vakaenda nezvikumbiro zvavo kutemberi kuti vazive mabatsiriro akanakisisa avangaita mwanakomana wavo. Zvino vachibva vatevedza manzwiwo ese avakawana mutemberi.

Vakati: “ndakanzwa Mweya uchinditungamirira kuti nditarise foni yemwanakomana wangu pane dzimwe nguva kuitira kuti ndione zvimwe zvinhu panguva idzodzo. Handizive kushandisa foni itsva idzi, asi Mweya wakanditungamirira nemunzvimbo dzose dzekugoverana

nekutaurirana nhau paindaneti dzandisingatombosha-ndisa! Ndinoziva kuti Mweya unobatsira vabereki varikutsvaga nhungamiro yekudzivirira vana vavo. [Pakutanga] mwanakomana wangu akandishatirirwa zvikuru. . . . Asi mushure memazuva matatu chete, akanditenda! Akakwanisa kunzwa siyano.”

Maitiro nemafungiro emwanakomana wavo zvakashanduka zvinoshamisa. Akava anobatsira zvakananyanya pamba, achinyemwerera zvakananyanya, uye akava anonyanya kuteerera kuchechi. Akafarira kubatsira kwechinguva ari munzvimbo yekubhabhatidzirwa mutemberi uye achigadzirira zveushumiri hwake.

Kukoka kwangu kwechina, kwamuri imi vave vezera, ndekwekutora chinhanu zvakanzira muChita cheRubatsiro. Ndinokukurudzira kunzvera chirevo chechinangwa chazvino cheChita cheRubatsiro. Chinokurudzira. Chingango kutungamirirai kukudziridza chirevo chechinangwa chepenyu hwenyu pachenyu. Ndinokukumbirayiwo nemwoyo wose kuti munakirwe nezvokwadi zviri muchirevo cheChita cheRubatsiro chakashambadzwa makore angasvika kumakumi maviri akapfuura ayo.³ Chinyorwa chechirevo ichi chakaiswa mufurema chakaturikwa pamadziro muhofisi yeVatungamiri Vekutanga. Ndinofara zvikurusa nguva yose yandinochiverenga.

Chinotsanangura zvamuri uye zvinodiwa naIshe kuti muve panguva ino *chaiyo* apo pamunoita chikamu *chenyu* kubatsira kuunganidza Israeri yakapararira.

Masisita angu anodikanwa, tinokudai *imi!* “Tinoda *renyu* simba, *rwenyu* rutendeuko, *kwenyu* kutendeuka, *yenyu* kwaniso yekutungamirira, *hwenyu* huchenjeri, uye *enyu* mazwi.”⁴ Hatimbokwanisi kuunganidza Israeri tisina imi.

Ndinokudai uye ndinokutendai uye zvino ndinokuropafadzai nekwaniso yekusiya nyika shure apo pamunobatsira mubasa rino rinokosha zvikurusa uye rinoda kuitwa nekukurumidza. Pamwechete tinokwanisa kuita zvese izvo Baba vedu Vekudenga zvavanoda kuti tiite kuti tigadzirire nyika Kuuya Kwechipiri kweMwanakomana Wavo Wavanoda.

Jesu ndiye Kristu. Iyi iChechi Yake. Nezve izvi ndinopupura muzita raJesu Kristu, ameni.

ZVIMWE ZVINYORWA

1. Russell M. Nelson, “Hope of Israel” (worldwide youth devotional, Chikumi 3, 2018), HopeofIsrael.lds.org.
2. Ona 2 Nifai 25:26.
3. Kuwana chiziviso cheChita cheRubatsiro, ona Mary Ellen Smoot, “Rejoice, Daughters of Zion,” *Liahona* Ndira 2000, 111-14
4. Russell M. Nelson, “A Plea to My Sisters,” *Liahona*, Mbudzi 2015, 96; kusimbiswa kwakawedzerwa.

ZITA RECHECHI KWARO

NeMutungamiri Russell M. Nelson

Jesu Kristu akatiraira kuti tidaidze Chechi nezita Rake nokuti iChechi Yake, yakazadzwa nesimba Rake.



Mabhuratha nemasisita angu anodikanwa, pazuva reSabata rino rakanaka tinofara pamwechete mumaropafadzo edu mazhinji anobva kunaIshe. Tinotenda zvikuru nezvapupu zvenyu zvevhangeri rakadzorerwa raJesu Kristu, nekuzvipira kwamakaita kuti murambe muri munzira kana kuti mudzoke kunzira

yechibvumirano Yake, uye nekushandira kwekuzvipira kwenyu muChechi Yake.

Nhasi ndinonzwa kuti ndinofanirwa kukurukura nemi nyaya inokosha zvikurusa. Mamwe masvondo mashoma akapfuura ayo, ndakaburitsa chirevo chiri maererano nekugadzirisa madaidzirwo ezita reChechi.¹ Ndakaita izvi nekuti Ishe vakasimbisira mupfungwa dzangu kukosha kwezita raVakazivisa reChechi Yavo, kunyange Chechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMamazuva Ekupedzisira.²

Sezvamungatarisira, mhinduro kuchirevo ichi uye kunhungamiro yakachinjwa yemashandisirwo ezita reChechi³ dzakava dzakasiyana-siyana. Nhengo zhinji dzakagadzirisa pakarepo zita reChechi pazvinyorwa zvavo zvepawebhusaiti dzavo nemapeji avo epaindineti. Vamwe vakashama kuti sei, nezvese zviri kuitika munyika, zvakafanira kusimbisa chinhu “chisina kukosha” chakadaro. Uye vamwe vakati hazvaikwanisiki kuitwa, saka sei muchiedza kuzviita? Regai nditsanangure kuti sei tine hanya yakadzama kudai pamusoro penyaya iyi. Asi kutanga regai nditaure izvo kuedza uku *zvakusiri*:

- *Hakusi* kuchinjwa kwezita.
- *Hakusi* kuchinjwa kwemaonerwe anoitwa Chechi.
- *Hakusi* kungonakisa maratidzikiro ekunze.
- *Hukusi* kungoerekana ranjinjwa pasina chikonzero.
- Uye *hakusi* kusina kukosha.

Kunze kwaizvozvo, *itori* gadziriso. *Itori* rairo yaIshe. Joseph Smith haana kutumidza Chechi yakadzorerwa kuburikidza naye; kunyange Mormoni haana kudaro. Aiva Muponesi Pachake akati, “Nokuti ndiko kudaidzwa kuchaitwa chechi yangu mumazuva ekupedzisira, kunyangwe Chechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira.”⁴

Kunyangwe kare, mugore 34 Kristu Azvarwa, Ishe vedu vakamutswa kuvakafa vakapa rairo yakafanana naiyoyo kunhengo dzeChechi Yavo, apo paVakavashanyira mumaAmerica. Panguva iyoyo Vakati:

“Muchadaidza chechi muzita rangu. . . .

“Uye ko ingave chechi yangu sei kunze kwokuti idaidzwe nezita rangu? Nokuti chechi ikadaidzwa muzita raMosesi saka ichechi yaMosesi; kana kuti ikadaidzwa nezita romunhu ichechi yemunhu; asi ikadaidzwa nezita rangu ichechi yangu.”⁵

Naizvozvo, zita reChechi harisi rinotauriranwa. Apo Muponesi paanotaura zviri pachena izvo zita reChechi Yake zvarinofanira kuva uye kunyange nekutevera ziviso Yake nekuti, “Nokudaro ndiko kudaidzwa kuchaitwa chechi yangu,” Ari kurevesa. Kana tikabvumira mazita emadunhurirwa kuti ahandiswe kana kuatora kana kunyange kutsigira mazita iwayo isu pachedu, Anotsamwiswa.

Chii chiri muzita kana kuti, munyaya ino, zita remadunhurirwa? Apo tinotaura nezvemazita emadunhurirwa eChechi, sezvakaita “LDS Chechi,” “Mormoni Chechi,” kana Chechi yeVatendi vaMazuva Ekupedzisira,” chinhu chinonyanya kukosha *mumazita* iwayo *kushaikwa* kwezita reMuponesi. Kubvisa zita raIshe kubva paChechi yaIshe kukunda kukurusa kwaSatani. Apo *patinobvisa* zita reMuponesi, zvishoma nezvishoma tinenge tiri *kushaya hanya* nezvose izvo Jesu Kristu zvaakaitira—kunyange Rudzikinuro Rwake.

Funga izvi kubva kumaonero Ake: Muupenyu tisati tazvarwa panyika, Akanga ari Jehovha, Mwari weTestamende Yekare. Ari pasi penhungamiro yaBaba Vake, Ndiye aiva Musiki wenyika ino nedzimwe nyika.⁶ Akasarudza kuzviisa pasi pechido chaBaba Vake uye nekuitira chimwe chinhu vana vese vaMwari icho chakanga chisina mumwe munhu anokwanisa kuchiiita! Achizvidzikisira kuuya panyika seMumwechete Akazvarwa waBaba munyama, Akashoropodzwa nokutukwa zvine utsinye, akanyombwa, akasvipirwa, uye akarohwa zvine simba. Mubindu reGetsemani, Muponesi wedu akatora paAri ese marwadzo *chese* chivi, uye *nekweise* kurwadziwa nekutambudzika *kwakaitika* kwauri neni uye nemunhu wese

akamborarama kana achararama. Achiremerwa nehuremu hwemutoro wairwadza zvikurusa iwoyo, akabuda ropa kubva paburi rose.⁷ Kwese kutambudzika uku kwakanyananyisa apo paAkaroverwa pamuchinjikwa weKarivhari zvine utsinye.

Kuburikidza nezviitiko zvinorwadza zvikurusa izvi uye neKumuka Kuvakafa Kwake kwakazotevera—Rudzikinuro rusingaperi Rwake—Akapa kusafa kune vese uye akadzikunura mumwe nemumwe wedu kubva kumhedzisiro dzechivi maereranano nerutendeuko rwedu.

Mushure meKumuka Kuvakafa kweMuponesi nemekufa kweVaApositora Vake, nyika yakawira mumazana emakore erima. Zvino mugore ra1820, Mwari Baba neMwanakomana Wavo Jesu Kristu, vakazviratidza kuMuporofita Joseph Smith kuti atangise Kudzororwa kweChechi yaIshe.

Mushure mezvese zvaAkanga atambura—uye mushure mezvese zvaAkanga aitira vanhu—ndinoona nekusuwa kwakadzama kuti tisingazvizivi takabvumira chinyararire muChechi yakadzorerwa yaIshe kudaidzwa nemamwe mazita, rimwe nerimwe rawo rinova rinobvisa zita rinoera raJesu Kristu.

Musi weSvondo wega wega apo patinotora zvakakodzera sakaramende, tinoita patsva vimbiso inoyera yedu kuna Baba vedu Vekudenga kuti tinoda kutora patiri zita reMwanakomana Wavo Jesu Kristu.⁸ Tinovimbisa kuMutevera, kutendeuka, kuchengeta mirairo Yake, uye *kugara* tichiMuyeuka.

Apo patinosiya zita Rake kubva paChechi Yake, nekusaziva tinenge tiri *kuMubvisa* sechinangwa chinokosha chepenyu hwedu.

Kutora zita reMuponesi patiri zvinosanganisira kuzivisa nekupupura kune vamwe—kuburikidza nezviito zvedu uye nemashoko edu—kuti Jesu ndiye Kristu. Tanga tichitya zvikuru here *kutsamwisa* mumwe munhu akatidaidza kuti “maMormoni” zvekuti takatadza *kudzivirira* Muponesi paChake, kumira tichiMutsigira kunyange muzita rinodaidzwa Chechi Yake naro?

Kana isu sevanhu uye semunhu mumwe nemumwe tichida kuzowana simba reRudzikinuro rwaJesu Kristu—kuti ritichenese nekutiporesa, kuti ritisimbise nekutikudziridza, uye pekupedzisira kuti ritisimudzire kumusoro-soro—tinofanira kuMubvuma zviripachena sejerero resimba iroro. Tinokwanisa kutanga nekudaidza Chechi Yake nezita raAkazivisa.

Kuvanhu vazhinji venyika, Chechi yaIshe parizvino yakavanzwa “seMormoni Chechi.” Asi isu senhengo dzeChechi yaIshe tinoziva akamira pamusoro wayo: Jesu

Kristu Pachake. Kusuwisa kwazvo ndekwekuti, vazhinji vanonzwa izwi rekuti *Mormoni* vangangofunga kuti tino namata Mormoni. Hazvisirizvo! Tinokudza nekuremekedza muporofita wekare mukuru uyo wechiAmerica.⁹ Asi *hatisi* vadzidzi vaMormoni. Tiri vadzidzi vaIshe.

Mumazuva ekutanga eChechi yakadzorerwa, mazwi akaita *seMormoni Chechi* uye *maMormoni*¹⁰ aiwanzo shandiswa semazita ekudunhurira—semazwi eutsinye, mazwi ekutuka—aitirwa kuparadza ruoko rwaMwari mukudzorerwa Chechi yaJesu Kristu mumazuva ekupedzisira ano.¹¹

Mabhuratha nemasisita, kune pfungwa dzinopiwadzakawanda dzenyika dzinopikisa kudzorera zita kwaro reChechi. Nekuda kwenyika yetekinoroji yatirikurarama mairi uye nekuwedzerwa kwesimba rekutsvagurudza pamawebhusaiti izvo zvinotibatsira tese kuwana ruzivo rwatinoda pakarepo chaipo—kusanganisira ruzivo pamusoro peChechi yaIshe—vanopikisa vanoti kugadzirisa panguva ino hakuna kuchenjera. Vamwe vanonzwa kuti nekuda kwekuti tinozivikanwa zvakananyanya “semaMormoni” uye “seMormon Chechi,” tinofanira tokutora mukana wechimuko ichocho.

Dai iyi yanga iri hurukuro pamusoro pekupazita chirongwa chakatangiswa nemunhu, pfungwa idzodzo dzai-kwanisa kubudirira. Asi munyaya inokosha iyi, tinotarisa kwaAri anova muridzi weChechi ino uye tinotambira kuti nzira dzaIshe hadzisi, uye hadzizombofa dzakava, nzira dzemunhu. Kana tikava nemwoyo murefu uye kana tika-ita chikamu chedu zvakanaka, Ishe vanozotitungamirira nemubasairi rinokosha. Pamusoro pazvose, tinoziva kuti Ishe vanobatsira avo vanotsvaga kuita kuda Kwavo, sekubatsira kwaVakaita Nifai kuti abudirire pabasa rekuvaka ngarava yekuyambukisa gungwa.¹²

Tinozoda kuva neruremekedzo uye nemwoyo murefu mukuedza kwedu kugadzirisa zvikanganiso izvi. Vatapi venhau vakavimbika vanozova netsitsi mukupindura kuchikumbaro chedu.

Mune mumwe musangano mukuru wakapfuura, Gosa Benjamin De Hoyos vakataura nezvechiitiko chakadaro. Vakati:

“Mamwe makore akapfuura ayo apo pandaishandira muhofisi yenyaya dzeruzhinji yeChechi muMexico, [mufambidzani wangu neni] takakokwa kuti titore chinhanu muhurukuro yeparedhiyo. . . . [Mumwe wevatungamiri vechirongwa chacho] akatibvunza kuti, ‘Sei Chechi iine zita rakareba kudaro? . . .’

“Mufambidzani wangu neni takanyemwerera kunzwa mubvunzo wakanaka wakadaro uye zvino tikazoenda

mberi nekutsanangura kuti zita reChechi harina kusarudzwa nemunhu. Rakapihwa neMuponesi. . . Mutungamiri wechirongwa iyeyo pakarepo uye neruremekedzo akapindura kuti, “Ticharidzokorora saizvozvo nerufaro rukuru.”¹³

Nyaya iyoyo inopa tsika yemaitiro. Mumwe nemumwe, kuedza kwedu kwakanakisisa kunoitwa nemunhu pachake kuchadiwa pakugadzirisa zvikanganiso zvakapinda muma-kore mazhinji.¹⁴ Imwe nyika yose ingangotevera kana kuti ingasatevera nhungamiro yedu mukutidaidza nezita kwaro. Asi dzinenge dziri nhema kunesu kuti titsamwiswe kana ruzhinji rwenyika rwukadaidza Chechi nenhengo dzayo nemazita asiriwo kana isu tichiita zvimwechetezvo.

Nhungamiro yedu yakachinjwa yemashandisiro ezita reChechi nobatsira. Inotaura kuti: “Mukutaurwa kwekutanga, zita rakazara reChechi ndiro rinodiwa: ‘Chechi yaJesusu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira.’ Kana kutaurwa [kwechipiri] kwakapfupiswa kuchidikanwa, mazwi anoti ‘Chechi’ kana ‘Chechi yaJesusu Kristu’ ndiwo anokurudzirwa. ‘Chechi yaJesusu Kristu yakadzorerwa ikwarowo uye rinokurudzirwa.’¹⁵

Kana mumwe munhu akabvunza kuti, “uri muMormoni here?” unokwanisa kupindura uchiti, “Kana uri kubvunza kana ndiri nhengo yeChechi yaJesusu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira, hongu, ndiri!”

Kana mumwe munhu akabvunza kuti, “uri Mutendi waMazuva Ekupedzisira here?”¹⁶ unokwanisa kupindura uchiti, “Hongu, ndiri. Ndinotenda munaJesusu Kristu uye ndiri nhengo yeChechi yakadzorerwa Yake.”

Mabhuratha nemasisita angu anodikanwa, ndinokuvimbisai kuti tikaita zvatinokwanisa zvese kudzorera zita kwaro reChechi yaIshe, Iye anova muridzi weChechi ino anozodurura simba Rake nemaropafadzo Ake pamisoro yeVatendi vaMazuva Ekupedzisira,¹⁷ zverudzi rwatisati takamboona. Tinozova neruzivo nesimba raMwari kutibatsira kuendesha maropafadzo evhangeri raJesusu Kristu rakadzorerwa kunyika dzose, marudzi ose, ndimi dzose nevanhu vose uye kugadzirira nyika kukuUya kweChipiri kwaIshe.

Saka, chii chiri muzita? Kana tichitarisa zvezita reChechi yaIshe, mhinduro ndeyekuti “Zvese” Jesu Kristu akatiraira kuti tidaidze Chechi nezita Rake nokuti iChechi Yake, yakazadzwa nesimba Rake.

Ndinoziva kuti Mwari vanorarama. Jesu ndiye Kristu. Anotungamira Chechi Yake nhasi. Ndinopupura nemuzita rinoyera raJesusu Kristu, ameni.

ZVIMWE ZVINYORWA

1. Ishe vakasimbisa mupfungwa mangu kukosha kwezita raVakazarura reChechi Yavo, kunyange Chechi yaJesusu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira. Tinebasa pamberi pedu rekuzviunza isu pachedu muku-yanana nechido Chavo. Mumasvondo achangopfuura, vatungamiri veChechi vakasiyana-siyana nevemapazi akasiyana siyana vakatanga nhano dzinodikanwa dzekuita izvozvo. Rumwe ruzivo pamusoro penyaya inokosha iyi ruchaitwa kuti rupepo mumwedzi iri kuuya” (Russell M. Nelson, mu“The Name of the Church” [official statement, Aug. 16, 2018], mormonnewsroom.org).
 2. Vatungamiri veChechi vakapfuura vakaita zvikumbiro zvakafanana. Semuenzaniso, Mutungamiri George Albert Smith vakati: “Musakanganisire Ishe nekudaidza ino kuti Mormoni Chechi. Havana kuidaidza kuti Mormoni Chechi” (muConference Report, Kubvumbi 1948, 160).
 3. Ona “Style Guide—The Name of the Church,” mormonnewsroom.org.
 4. Dzidziso neZvibvumirano 115:4.
 5. 3 Nifai 27:7–8.
 6. Ona Mosesi 1:33.
 7. Ona Dzidziso neZvibvumirano 19:18.
 8. Ona Moronai 4:3; Dzidziso neZvibvumirano 20:37, 77.
 9. Mormoni akanga ari mumwe wavanyori vana vakuru veBhuku raMormoni, vamwe vari Nifai, Jakobho, naMoronai. Vese vakanga vari zvapupu zvakaona zvaIshe, sezvakaanga zviri mududziri akafemerwa waro, Muporofita Joseph Smith.
 10. Kunyange izwi rekuti *maMormonaiti* rakanga riri pakati pemazwi ekunyomba ayo aishandiswa (ona *History of the Church*, 2:62-63, 126).
 11. Mamwe mazita ekudunhurira anoratidzika seakashandiswa munguva dzeTestamende Itsva. Munguva yekutongwa kwemuApositora Pauro pamberi paFerikisi, Pauro akanzi akanga ari “mutungamiri weboka remaNazareni” (Mabasa aVaApositora 24:5). Maererano nekushandiswa kwendevo inoti “veNazareni,” mumwe mutauri akanyora kuti: “Iri rakanga riri zita raipihwa kumaKristu nenzira yekuvazvidza. Vaidaidzwa saizvozvo nekuti Jesu akanga ari wekuNazareta” (Albert Barnes, *Notes, Explanatory and Practical, on the Acts of the Apostles* [1937], 313).
- Zvimwechetezvo chimwe chinoyera chinotaura kuti: “Sekudaidzwa noruzvidzo kwakaitwa Ishe wedu achinzi ‘muNazareni’ (Matt, xxvi. 71), naizvozvo maJuda akadaidza vadzidzi vake kuti ‘maNazareni.’ Vakanga vasingabvume kuti vaiva vari maKristu, *nemamwe mazwi vadzidzi vaMesiasi*” (*The Pulpit Commentary: The Acts of the Apostles*, ed. H. D. M. Spence and Joseph S. Excell [1884], 2:231).
- Nematauriro akaita seiwayo, Gosa Neal A. Maxwell vakacheredza kuti: “Nemunhoroo yese yemagwaro matsvene, tinoona kuedza kunoramba kuchiiwa kuzvidza vaporofita kuitira kuvabvisa—kuvapa mazita akaipa kuitira kuvadzikisira pasi. Kazhinji, zvisinei, vanongosateerwa neavo vanorarama panguva yavo uye nenhoroondo yezve munyika. Zvakadaro, maKristu ekutanga aingonzi ‘chikwata che maNazareni.’ (Mabasa eVaApositora 24:5.)” (“Out of Obscurity,” *Ensign*, Mbudzi 1984, 10).
12. Ona 1 Nifai 18:1–2.
 13. Benjamín De Hoyos, “Called to Be Saints,” *Liahona*, Chivabvu 2011, 106.
 14. Kunyange zvavo tisina simba pamusoro peizvo zvatingangodaidzwa tichitwa nevamwe vanhu, tinesimba rakazara pamusoro pezvatinozvidzaidza tichiita isu pachedu. Tingatarisa sei kuti vamwe vakudze zita kwaro reChechi kana isu senhengo dzayo tichitadza kuita saizvozvo?
 15. “Style Guide—The Name of the Church,” mormonnewsroom.org.
 16. Izwi rekuti *mutendi* rinoshandiswa kakawanda muBhaibheri Dzvene. Mutsamba yaPauro kuvaEfeso, semuenzaniso, akashandisa izwi rinoti *mutendi* kanokwana kamwechete muchitsauko chega chega. Mutendi munhu anotenda munaJesusu Kristu uye anoodza kuMutevera.
 17. Ona Dzidziso neZvibvumirano 121:33.